

Chapit 5. Prensip jeneral pou tout elèv  
Seksyon 5.3212

Règleman **5.3212 Kontwòle glikoz nan san**

1. Daprè paragraf § 1006.062(4)(c) lalwa eta Florid, elèv ki gen dyabèt tip 2 (oblije oswa ki pa oblije ensilin) oswa reyaparasyon iglosemi bay dwa pou kontwòle nivo sik nan san yo, oswa pou kontwòle nivo sa a, pandan jounen lekòl la jan doktè yo rekòmande sa.
2. Objektif pou kontwòle nivo sik nan san se pou jwenn enfòmasyon nesèsè pou fè pran desizyon apwopriye nan balanse ensilin, manje, ak egzèsis pou elèv la.
3. Paran responsab yo genyen responsablite pou avize administrasyon lekòl la davans, daprè règleman 5.321, komite distri a ki fè konnen pitit yo ap itilize yon machin pou kontwòle sik nan san l. Chak elèv k ap itilize yon machin gen responsablite pou montre pwofesè ak administrasyon lekòl la nan kòmansman ane lekòl la (oswa pita nan tan ki koresponn ak lè l ap itilize l lekòl la), epi machin nan dwe pote non elèv la ak enfòmasyon ki gen rapò ak règleman 5.321.
4. Chak ane, Sipèentandan an dwe mande direktè lekòl yo pou yo enfòmè asistan direktè ak pwofesè yo sou elèv k ap itilize aparèy nan lekòl la pou kontwòle sik nan san yo. Ap gen resiklaj pou manb pèsònèl lekòl yo, daprè jan Sipèentandan an determine sa, nan idantifye machin pou kontwòle sik nan san.
5. Elèv la, enfimiyè lekòl la, oswa lòt manb pèsònèl ki prepare daprè seksyon (7) anba, k ap fè travay siveyans la. Si gen yon elèv k ap fè travay siveyans la, enfimiyè lekòl ta dwe evalye elèv la apati konesans ak talan adekwa li genyen nan tout aspè kontwòl sik nan san. Daprè seksyon (7) anba a, enfimiyè lekòl la oswa yon lòt manb pèsònèl ki prepare dwe sipèvize elèv ki fè travay siveyans la pou pwòp tèt pa yo.
6. Direktè lekòl la/lòt moun li deziye ta dwe omwen chwazi antrene de manb pèsònèl daprè seksyon (7) ki enkli la a, kòm sipò lè pou enfimiyè lekòl la kapab sipèvize epi/oswa siveye sik nan san elèv ki dyabetik yo oswa malad ipoglisemi.
7. Yo ta dwe pèmèt manb pèsònèl distri a ki pa gen eksperyans medikal ekzekite oswa asiste nan kontwòle sik nan san kòm yon sèvis ki gen rapò ak lasante daprè lwa Florid § 1006.062(4), osito yon enfimiyè ki lisansye nan florid, pratikan enfimiyè, medsen (M.D.oswa D.O.) oswa asistan medsen an konplete avèk siksè resiklaj pou timoun ki malad la. Se enfimiyè lekòl la k ap sipèvize ak evalye nivo preparasyon manb pèsònèl lekòl la ki resevwa yon tèt resiklaj.
8. Daprè paragraf § 1006.062(4) lwa eta Florid, li obligatwa pou se yon enfimiyè ki lisansye nan Florid, pratikan enfimiyè, medsen (M.D. oswa D. O.) oswa asistan medsen ki dwe ekzekite peryodikman tout pwosedi pou kontwòle sik nan san.
9. Randevou pou tyeke nivo sik yon elèv nan lekòl dwe mache kòtakòt ak randevou yo itilize lakay pou kontwòle sik elèv la. Plan swen sante endividyèl elèv la ("IHCP") epi/oswa Plan Modifikasyon seksyon 504 ("504 plan") dwe espesifye lè modifikasyon regilye ap fèt ak lè sentòm yo ta anonse gen bezwen pou siveyans adisyonèl.
10. Mwayen ki pi apwopriye pou kontwòle sik se, nan plizyè ka, andedan klinik lekòl la. Elèv ki nan twazyèm ane ak klas pi wo ki montre yo gen ladrès ak matirite kapab siveye oswa ede siveye yon sityasyon sipòtiv nan klas. Pozisyon ak metòd pou kontwòle nivo yon tèt sik, ki gen ladan l dispozisyon tranchan/lansèt ansekirite, se yon desizyon tèt kole ant direktè, tris/moun li deziye oswa enfimiyè lekòl ki ta dwe determine sa, avèk opinion elèv la, paran/responsab elèv la, ak medsen elèv la oswa lòt ajan sanità lisansye.
11. Plan IHCP ak 504 la ap adrese di ki pwosedi swen dijans ki genyen pou chak elèv dyabetik ak bay deskripsyon detaye sou metòd repons yo.
12. Daprè paragraf § 1006.062(2) lwa eta Florid ak règleman 5.321 konsèy administrasyon an, pa dwe genyen responsablite legal pou domaj sivil kòm rezilta kontwòl nivo sik nan san yon elèv lè moun k ap kontwòle oswa sipèvize yon tèt zak kontwòl kòm yon moun òdinèman pridan ki ajì anba menm oswa sikonstans parèy.
13. Direktè/tris lekòl yo ak moun plan 504 la deziye ap gen pou resevwa resiklaj chak ane sou seksyon 504 lwa 1973 sou Reyabilitasyon an. Resiklaj sa a genyen kou sou dyabèt ladan l, men sa pa limite ak sa sèlman.

OTORITE LEGAL: §§ 1001.41(2); 1006.062, Fla. Stat.

LALWA ANVIGÈ: §§ 1001.42(6)(a); 1006.062, Fla. Stat.

DOSYE ISTWA: 5/8/02; 13/9/2004